

**PANGAJARAN NYAJIKEUN WALERAN NGEUNAAN KUALITAS  
KARYA CARPON DINA WANGUN TÉKS ULASAN NGAGUNAKEUN  
PADIKA COOPERATIVE INTEGRATED READING AND COMPOSITION  
KA MURID DI KELAS VIII SMP MUHAMMADIYAH 3 BANDUNG  
TAUN PANGAJARAN 2017/2018**

*ku*  
**MAULIDINA WULANDARI SUDIMAN**  
**NIM 145030068**

**RINGKESAN**

*Pangajaran nulis téks ulasan mangrupakeun salah sahiji katarampilan dina basa. Nulis téks ulasan téh salah sahiji kompetensi dina ngainterpretasi hiji karya. Dina ieu panalungtikan, panalungtik museur kana kreativitas dina nulis tanggapan ngeunaan kualitas salah sahiji karya carpon. Padika pangajaran anu dipaké nyaéta padika Cooperative Integrated Reading and Composition. Padika Cooperative Integrated Reading and Composition mangrupakeun padika pangajaran anu kooperatif, nu boga tujuan pikeun peserta didik jadi aktif dina ngadadarkeun kamandangna. Panalungtik ngarumuskeun sababaraha masalah anu diwincik ku pananya, di antarana: 1) Kumaha babandingan hasil diajar siswa dina pangajaran nulis tanggapan ngeunaan kualitas karya carpon wangun téks ulasan di kelas eksperimen anu ngagunakeun padika Cooperative Integrated Reading and Composition jeung kelas kontrol nu ngagunakeun padika Cooperative Script di siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah 3 Bandung?; 2) Efektif atawa henteu padika Cooperative Integrated Reading and Composition dipaké dina ngalaksanakeun pangajaran nulis tanggapan ngeunaan kualitas karya carpon dina wangun téks ulasan di siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah 3 Bandung?. Padika panalungtikan nu panalungtik paké dina ieu panalungtikan téh nyaéta padika true eksperimen. Hasil tina ieu panalungtikan téh di antarana: 1) Ayana bédédaan hasil diajar siswa dina pangajaran nulis tanggapan ngeunaan kualitas karya carpon dina wangun téks ulasan antara kelas eksperimen jeung kelas kontrol. Éta hal kabuktian ku nilai rata-rata di kelas eksperimen leuwih punjul nyaéta postes 80,13 jeung pretes 42,09 kalayan kurang rata-rata 38,04, sedengkeun di kelas kontrol nilai rata-rata postes 65,71 jeung pretes 36,38 kalayan kurang rata-rata 29,33. 2) Padika Cooperative Integrated Reading and Composition efektif dipaké dina pangajaran nulis tanggapan ngeunaan kualitas karya carpon dina wangun téks ulasan ku bukti hasil itungan uji statistik  $t_{hitung} > t_{tabel}$ , nyaéta  $21,99 > 17,45$ , dibandingkeun jeung padika Cooperative Script dina kelas kontrol ku bukti hasil uji statistik  $t_{hitung} < t_{tabel}$ , nyaéta  $10,55 < 15,67$ .*

**Kecap galeuh:** Pangajaran, Nyajikeun, Ulasan, Carpon, Padika CIRC.